ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№37 (24.475) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Узэкъуэтмэщ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыпхуэгъэкIуэдынур

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысейм и УФСБ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Громушкин Пётр иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Ар теухуауэ щытащ террорист щIэпхъаджагъэ къэхъуну шынагъуэ зэрыщыIэмкIэ жылагъуэм хъыбар егъэщIэным, терроризм щымыгъэIэным Iэмалхэр къыхуэгупсысыным.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ Лъэпкъ антитеррористическэ комитетым и лIыкIуэ **Пржездомский Андрей**, КъБР-м и антитеррористическэ комиссэм хэтхэр, министерствэхэм, къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэр. Ар къыщызэIуихым, **Громушкин Пётр** къыхигъэщащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ узэрыпэщIэтыфынур къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ жылагъуэмрэ зэрызэдэлажьэм куэдкIэ зэрелъытар. Нобэ щIэпхъаджагъэ къэхъунымкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр цIыхубэм ебгъэщIэныр, апхуэдэ зыгуэр къэхъу хъужыкъуэми, бэлыхь къыхэмыкIыу гъэзэкIуэжыныр къызэрызэрагъэпэщыф иджырей Iэмалхэр зэрыщыIэм и фIыгъэкIэ, къэхъукъащIэр нэхъ мащIэщ.



Лъэпкъ антитеррористическэ комитетым и лIыкIуэм къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар къызэрыхъейрэ зэбграгъэх хъыбар нэпцIхэр куэд зэрыхъуам, щIалэгъуалэр Iуэху мыщIагъуэхэм къызэрыхураджэм. Апхуэдэуи къыхигъэщащ террорист щIэпхъаджагъэхэм щIалэгъуалэр нэхъыбэу хашэну иужь зэритыр.

Лъэпкъ антитеррористическэ комитетыр къэрахьэкI хъыбар псоми занщIэу иужь йохьэ, ауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр Iуэхум зэрыхуэжыджэрми.

ЗэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ цIыхухэм нэхъ тыншу, псынщIэу хъыбар зэрыпхуегъэщIэну Iэмалхэр зыхуэдэмкIэ, икIи а Iуэхур зэрарагъэфIэкIуэну щIыкIэр ягъэбелджылащ.

**КIуэкIуэ Казбек** тепсэлъыхьащ зи гугъу ящIым теухуауэ езым и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм икIи къыхигъэщащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр псом япэ зэригъэщыпхъэр.

Республикэ унафэщIыр щхьэхуэу къытеувыIащ щIалэгъуалэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ хамышэным елэжьын зэрыхуейм. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэща министерствэщIэм щылажьэхэм я IэщIагъэр зэрыхагъахъуэр, республикэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ лъэщ зэращIыр дыщIигъуащ КIуэкIуэм.

## ТекIуэныгъэм и ныпыр уардэу яIэт

● ПэкIу

**Совет цIыхубэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщихьрэ илъэс 78-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыхалъхьа «Ди Хэкушхуэ» зи фIэщыгъэ дунейпсо хэкупсэ Iуэхугъуэр щIыпIэ куэдым щрагъэкIуэкIащ. Налшык къалэ дэт ЩIыхьым и Мыужьыхыж мафIэм дежи жэрдэмым ипкъ иткIэ иджыблагъэ пэкIу щызэхэтащ.**

ТХЫДЭМ ухуезыгъэплъэкIыж, щIэжыр къэзыIэт Iуэхугъуэ дахэр къыхэзылъхьахэм я мурадщ Совет къэралу щытам и европей Iыхьэм хиубыдэ къали 110-рэ зэщIагъэхьэну. Къыхэгъэщын хуейщ пэхуэщIэм «Ди ТекIуэныгъэ Иныр» зыфIащу нэхъапэIуэкIэ ирагъэкIуэкIауэ щыта жылагъуэхэкупсэ Iуэхугъуэм къыпищэу зэрыщытыр. ЗекIуэм хэтыну щIалэгъуалэ гупым яIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри.

ПэкIур къыщызэIуихым, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** къыхигъэщащ щIалэгъуалэм къыхалъхьа жэрдэмым пщIэшхуэ зэрыхуищIыр, и гур къызэрызэщIиIэтэр. «Дыздэщыт щIыпIэр лъапIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр, абы и щыхьэрыр, щIыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ бийм къыIэщIахыжын, цIыхум и щхьэхуитыныгъэр къаззэужын папщIэ зи щхьэр зауэ мафIэм хэзылъхьахэм я кхъэлэгъунэм деж дыщытщ. Нэхъыжьыгъэр нобэ къызылъысахэри догуфIэ, ди адэжьхэм я лIыгъэм ириину, абыхэм къыдаха ТекIуэныгъэм и ныпыр ягъэбыбу щIалэгъуалэр утыку къызэрихьам дрогушхуэ. Нобэ хуэдэ зы махуэщ Хэку зауэшхуэм зэблэкIыпIэ хуэхъуа Сталинград зэхэуэ гуащIэр щиухар. ЦIыхушхуэ хэкIуэдащ абы, атIэми ди зауэлIхэр бийм хуигъэкIуэтакъым. Дэтхэнэ зыми хьэкъыу пхыкIат и хахуагъэм ТекIуэныгъэр нэхъ благъэ къызэрищIыр, щалъхуа лъахэмрэ зыщIэкIа адэжь-анэжь унэмрэ я хъумакIуэу зэрыщытыр. Фэ къалэнышхуэ фи пщэ дэфлъхьэжащ – лIыгъэщIапIэм ита ди адэжьхэм я фэеплъ мафIэр вгъэкIуасэркъым, ар щIалэгъуалэм я деж нэфхьэсыну фыхэтщ. ФIыщIэшхуэ фхудощI, къыфпэщылъ гъуэгур узыншэрэ бэIутэIуншэу къефхьэлIэнуи сывохъуэхъу», – жиIащ Абдуллаев Мустэфа.

Дунейпсо хэкупсэ Iуэхугъуэр зэзыгъэуIу **Слюсаренкэ Олег** адэкIэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Хэку зауэшхуэр къэралым и тхыдэм къыхэна къэхъукъащIэ ину зэрыщытыр, ар лъэпкъыбэр зэкIэрызышхэ Iуэхугъуэу къызэрыувыр. «БлэкIа зауэжьыр зи нэгу щIэкIахэр зылI и быну зэкъуэмыуватэмэ, а лъэхъэнэм ди хэгъэгум и щхьэ крикIуэну щытар нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ. Дэри дызыхущIэкъур аращ – ди цIыхур псоми зэдай тхыдэ Iуэхугъуэмкlэ зэтпхыну дыхэтщ. ДыздэкIуэ щIыпIэхэм ТекIуэныгъэм и Ныпыр, метр зэбгъузэнатIэ щитI хъур, щыдоIэт. Дауи, дэ къыздетхьэкIыр нып лъапIэм тетщIыкIыжа бэракъщ, апхуэдэу щыт пэтми, и инагъымкIэ зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым абы и лъапIагъымрэ къикIуа гъуэгуанэмрэ. Ди зекIуэм хэт щIалэгъуалэм ТекIуэныгъэм и ныпыр Псыхуабэ къахьэсащ, Налшык къыдахьащ, адэкIэ Цхинвал яхьынущ. Накъыгъэм и 9-м – ТекIуэныгъэм и махуэм – ар тIыгъыу Полк уахътыншэм и зекIуэу Мэзкуу и Утыку Плъыжьым щекIуэкIынум зредгъэхьэлIэну ди гугъэщ», – жиIащ Слюсаренкэ Олег.

КъБР-м и Праламентым и депутат, УФ-м и Коммунист партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Пащты Борис** Iуэхум хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ, гукъэкI дахэ ящIам мыхьэнэшхуэ зэриIэри къыхигъэщащ. «ЦIыхур зэхэдз зыщI фашизмэм и къуэпсхэм замыдзын папщIэ, фэ евгъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щхьэпагъ ин япылъщ. Дэ тхузэфIэкIымкIэ зыфщIэдгъэкъуэнущ, фэ ныбжьыщIэхэр щапхъэмрэ цIыхугъэмрэ хуэзыгъэуш жэрдэмхэр нэхъыбэу къыхэфлъхьэ», – жиIащ Пащтым.

ПэкIум хэтхэм ЩIыхьым и Мыужьыхыж мафIэм деж удз гъэгъахэр тралъхьащ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэми дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. АдэкIэ зекIуэм хэтхэм уэру къызэхуэса цIыхухэм я пащхьэм ТекIуэныгъэм и ныпыр НыбжьыщIэхэм я театрым и пщIантIэм щызэкIуэцIахащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





№37 (24.475) АДЫГЭ ПСАЛЪЭ 2023 ГЪЭМ МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ И 1

● КъБР-м и Парламентым



# Гъэсакӏуэм игъуэтыпхъэ гулъытэм теухуауэ

**КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкӏэ, щӏэныгъэмрэ щӏалэгъуалэм я ӏуэхухэмкӏэ и комитетым иджыблагъэ зэӏущӏэ щригъэкӏуэкӏащ Сабийхэмрэ щӏалэгъуалэмрэ я творчествэмкӏэ республикэ уардэунэм. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэ ӏэнатӏэмрэ щӏалэгъуалэм драгъэкӏуэкӏ лэжьыгъэмрэ гъэсакӏуэм щиӏэ мыхьэнэм зегъэужьыным. Абы хэтащ депутатхэр, КъБР-м и ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лӏыкӏуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд ӏуэхущӏапӏэхэмрэ щыӏэ Дыщэкӏ Мадинэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ и министерствэмрэ КъБР-м Щӏалэгъуалэм я ӏуэхухэмкӏэ и министерствэмрэ я лӏыкӏуэхэр, КъБР-м и Парламентым и Щӏалэгъуалэ палатэм хэтхэр, нэгъуэщӏхэри.**

ЗЭӏУЩӏЭР къызэӏуахын и пэ, хьэщӏэхэм ӏуэхущӏапӏэм зыщаплъыхьащ: сурэтыщӏ гъуазджэмкӏэ къызэрагъэпэща зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэм зыщагъэгъуэзащ, гупжьейхэр зэрыщылажьэм еплъащ.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкӏэ, щӏэныгъэмрэ щӏалэгъуалэм я ӏуэхухэмкӏэ и комитетым и унафэщӏ **Емуз Нинэ** жиӏащ нэхъ ипэкӏэ щыӏа ӏуэху бгъэдыхьэкӏэхэм нобэрей зэманым къызэрезэгъкӏэ щӏэ гуэрхэр халъхьэжыну, зыужьыныгъэ иратыну зэрызэхуэсар.

- Совет зэманым гъэсакӏуэхэм мыхьэнэшхуэ яӏащ. Апхуэдэ ӏэнатӏэ зэрыщыӏам и фӏыгъэкӏэ лэжьыгъэм ехъулӏэныгъэфӏхэр къыпэкӏуэу зэрыщытар дощӏэж, - къыхигъэщащ Емузым. - 2023 гъэр Егъэджакӏуэмрэ гъэсакӏуэмрэ я илъэсщ. Шэч хэлъкъым ахэр диӏэн зэрыхуейм. Мы ӏуэхум лъабжьэщӏэ едгъэгъуэтыпхъэщ. Абы щхьэкӏэ хабзэ и лъэныкъуэкӏи диӏэхэм дыхэплъэжын, ахэр едгъэфӏэкӏуэн хуейуэ къызолъытэ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ и министр **Езауэ Анзор** жиӏащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу ӏуэхугъуитӏ къызэригъэувыр: егъэджэныгъэ ӏэнатӏэр егъэфӏэкӏуэнымрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ я лъабжьэу щӏэблэр гъэсэнымрэ абы зегъэужьынымрэ.

- А къалэнхэм дыпэлъэщынукъым ӏэщӏагъэлӏхэм я зэфӏэкӏымрэ ӏэзагъэмрэ хедгъэгъахъуэу щымытмэ. Абы и лъэныкъуэкӏэ гъэсакӏуэ-ущиякӏуэхэр щагъэхьэзыр ӏэнатӏэр сэбэпышхуэ хъуну къызолъытэ, - къыхигъэщащ министрым министрым. - Урысейм Егъэджэныгъэмкӏэ и министерствэм 2019 гъэм къищтауэ щытащ школхэмрэ курыт щӏэныгъэ щрат еджапӏэхэмрэ щӏэсхэр унэтӏыным теухуауэ ӏуэху бгъэдыхьэкӏэ хэхар. 2021 гъэм апхуэдэ ӏэмалыр егъэджакӏуэхэми яхуэгъэзауэ ягъэбелджылащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэсакӏуэхэр гъэхьэзырыным 2018 гъэм иужь дыщихьащ - 2018 - 2021 гъэхэм къриубыдэу Налшык къалэм дэт курыт школ №27-м егъэджакӏуэу лэжьэн щӏэзыдзэгъащӏэхэм щадэлэжьащ. Апхуэдэуи 2020 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщӏэдзауэ жэпуэгъуэ пщӏондэ «Гъэсакӏуэхэм я академием» я зэфӏэкӏым щыхагъэхъуащ егъэджакӏуэ миным нэблагъэм. Ди ӏуэхущӏапӏэм игъэбелджылащ егъэджакӏуэхэм я ӏэзагъэр щӏалэгъуалэм зэрыбгъэдалъхьэну щӏыкӏэр (2024 гъэ пщӏондэ тещӏыхьауэ).

Езауэм дыщӏигъуащ гъэсакӏуэм и лэжьыгъэр зыхуэдэнум республикэм и курыт еджапӏэ псори зэрыщыгъуазэр, ар къызэрагъэсэбэпыр. Арщхьэкӏэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуакъым а ӏуэхум хэт егъэджакӏуэхэр зэрагъэгушхуэ ӏэмалхэр щыгъэбелджыла ӏыхьэхэр. Егъэджэныгъэ ӏуэхущӏапӏэхэм езыхэм яубзыхуу аращ гъэсакӏуэр зэрагъэгушхуэну ӏэмалхэр. Министрым къыхигъэщащ егъэджакӏуэхэр зэрагъэгушхуэ ӏэмалхэм икӏэщӏыпӏэкӏэ зэрелэжьыпхъэр. «2023 гъэр Егъэджакӏуэмрэ гъэсакӏуэмрэ я илъэсу зэрыщытым къыхэкӏыу, дгъэзэщӏэн хуейхэм ящыщщ: а ӏэщӏагъэхэм нэхъыбэ дегъэхьэхыным хуэгъэза ӏуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыныр, егъэджэныгъэ ӏэнатӏэм епха махуэшхуэхэм лэжьакӏуэхэр гъэлъэпӏэныр, я ӏэзагъэм хегъэгъэхъуэныр, «Илъэсым и егъэджакӏуэ», «Илъэсым и гъэсакӏуэ», «Анэдэлъхубзэм и егъэджакӏуэ нэхъыфӏ» щӏыналъэ зэпеуэхэр, нэгъуэщӏхэри егъэкӏуэкӏыныр. Апхуэдэуи, зэрыфщӏэщи, иджыблагъэ КъБР-м и ӏэтащхьэм ӏэ щӏидзащ егъэджакӏуэхэм зэрызыщӏагъэкъуэну ӏэмалыщӏэм теухуа унафэм - 2023 гъэм щегъэжьауэ зи гугъу сщӏа зэхьэзэхуэхэм щытекӏуэхэм ахъшэ саугъэту сом мин 200, къыхэжаныкӏхэм - сом мини 100 зэрыратынум теухуам. Си фӏэщ мэхъу, а ӏуэхугъуэри сэбэп хъуну егъэджакӏуэхэр я лэжьыгъэм егугъунымкӏэ», - дыщӏигъуащ Езауэм.

- Интернатхэм къыщӏагъэкӏхэм ди нэӏэ зэратетыпхъэри зыщыдгъэгъупщэркъым. Апхуэдэу, школ-интернат №5-м епхауэ къызэӏутхащ Гъащӏэм тыншу хэшэнымкӏэ центрыр. Абы зы илъэскӏэ догъакӏуэ гугъуехь хэхуа щӏалэгъуалэр. Абдеж гъэсакӏуэхэр къащыдолажьэ. Мы зэманым апхуэдэу цӏыху 11-м я нэӏэ тетщ, - пищащ министрым.

КъБР-м щӏалэгъуалэм я ӏуэхухэмкӏэ и министрым и къуэдзэ **Ахметов Артур** тепсэлъыхьащ къаӏэта ӏуэхум теухуауэ я ӏуэхущӏапӏэр зэлэжьхэм. Абы щапхъэу къиихьащ ирагъэкӏуэкӏ «Сыгъэсакӏуэщ», «Хьэрычэт ӏуэхур - къуажэм», «Точка-взлёта» ӏуэхухэм. Апхуэдэуи абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ социальнэ сетхэм щрагъэкӏуэкӏа щӏэупщӏэм кърикӏуам. Гъэсакӏуэм и къалэным и мыхьэнэр къращӏэну зи ныбжьыр илъэс 18 - 35-м итхэм зэреупщӏам къызэригъэлъэгъуамкӏэ, процент 49-м езыхэр гъэсакӏуэ хъуну, процент 28-м апхуэдэхэм я нэӏэм щӏэтыну зэрыхуейр жаӏащ.

И ӏуэху еплъыкӏэр зэӏущӏэм къыщигъэлъэгъуащ Сабийхэмрэ щӏалэгуалэмрэ я творчествэмкӏэ уардэунэм и унафэщӏ **Къалмыкъ Кларэ**. Абы игу къигъэкӏыжащ совет зэманым а ӏэмалыр къагъэсэбэпу зэрыщыта щӏыкӏэр, езыр а гъуэгум зэрырикӏуар, абы и фӏыгъэкӏэ игъуэта зэфӏэкӏыр иджы зи унафэщӏ ӏуэхущӏапӏэм къызэрыщигъэсэбэпыр.

КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащӏэ Щӏалэгъуалэ центрым и унафэщӏым и къуэдзэ **Къущхьэ Оксанэ** тепсэлъыхьащ «Сыгъэсакӏуэщ» проектыр зэрагъэзащӏэм.

Зэӏущӏэм къыщыпсэлъащ Егъэджакӏуэхэм я ӏэзагъэм щыхагъахъуэ центрым и унафэщӏ **Шэнтыкъу Иринэ**, КъБР-м и Парламентым и Щӏалэгъуалэ палатэм и унафэщӏ **Борисевич Екатеринэ**, КъБКъУ-м Педагогикэмкӏэ, психологиемрэ физическэ щэнхабзэ-спортымкӏэ и институтым и унафэщӏ **Михайленкэ Ольгэ**, нэгъуэщӏхэри.

Зэӏущӏэм къыщыхалъхьащ Гъэсакӏуэхэм я щӏыналъэ зэгухьэныгъэрэ а ӏуэхум зегъэужьынымкӏэ лэжьыпхъэхэр зэзыгъэуӏу советрэ къызэгъэпэщынымкӏэ щыӏэ ӏэмалхэм егупсысыну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## СКА (Дон Iус Ростов) - «Спартак-Налшык» - 0:2



Урысей Федерацэм футболымкӏэ и етӏуанэ дивизионым и Япэ гупым щекӏуэкӏ зэхьэзэхуэм ипкъ иткӏэ Дон Iус Ростов къалэм дыгъуасэ щызэхэта зэӏущӏэм апхуэдэ бжыгъэ кърикӏуащ. Ди щӏалэхэм ящыщу топхэр дагъэкӏащ Топурие Тэмазрэ Хьэшыр Аланрэ.

Джэгур зэрекӏуэкӏамрэ абы иужькӏэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Сабийхэм я псэкупсэр ягъуэнэхъапэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув ӏэнатӏэм физическэ щэнхабзэмкӏэ, спортымкӏэ, туризмэмкӏэ и комитетым Сабий стадионым зэӏущӏэ щригъэкӏуэкӏащ. Ар теухуауэ щытащ ныбжьыщӏэхэмрэ щӏалэгъуалэмрэ тэмэму гъэса хъунымкӏэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ягъэзащӏэ къалэнымрэ абы и мыхьэнэмрэ. Зэӏущӏэм хэтащ КъБР-м и ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, суд къэрал къулыкъущӏапӏэхэм я лӏыкӏуэу Парламентым щыӏэ Дыщэкӏ Мадинэ, депутатхэр, спорт школхэм я унафэщӏхэмрэ гъэсакӏуэхэмрэ.**

ЗЭӏУЩӏЭР къызэӏуихащ комитетым и унафэщӏ Бэрэгъун Арсен. Абы жиӏащ къаӏэта ӏуэхум мыхьэнэшхуэ зэриӏэр икӏи къыхигъэщащ Урысейм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкӏэ щыӏэ лъапӏэныгъэхэр хъумэным теухуауэ щэнхабзэм, щӏэныгъэм, спортым я ӏэмалым къезэгъ жыпхъэ пыухыкӏахэр зэрыщыӏэр.

- Сабийм и псэкупсэ гъэсэныгъэм, абы цӏыху щхьэхуэ къищӏыкӏыным и ӏуэхукӏэ къалэнышхуэ ягъэзащӏэ унагъуэм, жалыгъуэм, школым, апхуэдэуи спорт ӏуэхущӏапӏэхэм. Сэ сыщыӏащ апхуэдэ зыбжанэм икӏи слъэгъуащ гъэсакӏуэхэм сабийхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыдрагъэкӏуэкӏыр. Егъэджакӏуэ, гъэсакӏуэ, психолог къалэнхэр зэдахькӏэрэ, абыхэм къытщӏэхъуэ щӏэблэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащӏ, - жиӏащ Арсен.

КъБР-м спортымкӏэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур абы и лъэныкъуэкӏэ ирагъэкӏуэкӏхэм щытепсэлъыхьым, жиӏащ министерствэр, къэрал, муниципальнэ спорт ӏуэхущӏапӏэхэр, спорт лӏэужьыгъуэхэмкӏэ щӏыналъэ спорт федерацэхэм я лэжьыгъэр УФ-м и Президентым «Урысей псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапӏэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэнымкӏэ икӏи егъэфӏэкӏуэнымкӏэ къэрал политикэм и лъабжьэр гъэувыным теухуауэ» къыдигъэкӏа унафэм тету зэраубзыхур.

Урысей псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапӏэныгъэ нэхъыщхьэхэм зыщрагъэубгъун, ахэр яхъумэн папщӏэ спорт зэхыхьэхэр щызэхашэкӏэ, махуэшхуэ иращӏэкӏыу, УФ-м, КъБР-м я къэрал ныпхэр яӏэту, гимныр кърагъэуэу къызэӏуах. Абыхэм хьэщӏэ лъапӏэу кърагъэблагъэ ӏэнатӏэм щӏыхь щызиӏэ тренерхэр, спортсмен цӏэрыӏуэхэр, спортым и ветеранхэр. Зэхьэзэхуэм кърихьэлӏахэм, спортсмен ныбжьыщӏэхэм я пащхьэм къыщыщыпсалъэкӏэ, абыхэм урысей псэкупсэ-гъэсэныгъэ лъапӏэныгъэхэр хъумэнымкӏэ, егъэфӏэкӏуэнымкӏэ, къытщӏэхъуэ щӏэблэр хэкупсэу къэгъэхъунымкӏэ щыӏэ хэкӏыпӏэ нэхъыщхьэхэм и гугъу ящӏ, апхуэдэуи къыхагъэщ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэн зэрыхуейр, цӏыхубэ спортым и мыхьэнэр зэрыиныр.

Щӏалэгъуалэр ӏуэху мыхъумыщӏэхэм димыхьэхын папщӏэ балигъыпӏэ имыува ныбжьыщӏэхэр спорт школхэм зэрырашэлӏэным теухуа ӏуэху щхьэхуэхэр ирагъэкӏуэкӏ.

Заур тепсэлъыхьащ спортымкӏэ щӏыналъэм иӏэ ехъулӏэныгъэхэм, спорт школхэм, щӏыналъэ спорт федерацэхэм я лэжьыгъэр зэрекӏуэкӏым, гъащӏэ узыншэ ехьэкӏыным къыщыхураджэ зэхыхьэхэр хэту ведомствэм къызэригъэпэщ зэӏущӏэ зэхуэмыдэхэм.

Псэкупсэ, хэкупсэ, физическэ гъэсэныгъэр и лъабжьэу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ и министерствэм иригъэкӏуэкӏхэм тепсэлъыхьащ министрым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз. Абы къызэрилъытэмкӏэ, цӏыхум зиужьынымкӏэ мыхьэнэшхуэ иӏэщ а ӏуэхугъуищри зэгъусэу лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпыным. Ныбжьыщӏэхэр хахуэу, зэпӏэзэрыту, бэшэчу, зыхущӏэкъур зрагъэхъулӏэфу гъэсэнымкӏэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ хыхьэ джэгукӏэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр къызэрагъэпэщ. Къищынэмыщӏауэ, еджакӏуэхэр жыджэру хашэ жылагъуэ ӏуэху зэхуэмыдэхэм, волонтёр зэщӏэхъееныгъэхэм. Апхуэдэу «Дыгъафӏэ къалэм» къыщызэӏуахащ «Юнармием и унэ», кадет школ-интернат №3-м илъэс псом щолажьэ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкӏэ «Авангард» егъэджэныгъэ-методикэ центр.

«Дэтхэнэ зы сабийми и ехъулӏэныгъэ» федеральнэ проектым хыхьэу, 2014 гъэм щегъэжьауэ курыт школи 163-м я спорт пэшу 174-рэ зэрагъэпэщыжащ. 2023 гъэм апхуэдэ пэшу иджыри 5 зыхуей хуагъэзэжынущ, спорт щӏыпӏэу 8 зэӏузэпэщ ящӏыжащ. Абыхэм я фӏыгъэкӏэ спортым дихьэх ныбжьыщӏэхэм я бжыгъэм хэхъуэнущ, еджапӏэхэм спорт клубхэм зыщегъэужьынымкӏэ ӏэмал хъарзынэщ. Мы зэманым спорт клубу 159-рэ мэлажьэ, абыхэм зыщагъасэ еджакӏуэ мин 17-м.

КъБР-м Щӏалэгъуалэ ӏуэхухэмкӏэ и министерствэм и къудамэм и унафэщӏ Мамаев Таулан тепсэлъыхьащ я ведомствэр щӏалэгъуалэ спорт зэгухьэныгъэхэм зэрыдэӏэпыкъум, спорт зэхыхьэр зэрыригъэкӏуэкӏым, «уэрам» спорт лӏэужьыгъуэм зегъэужьынымкӏэ щыӏэ «Урысейм и уэрамхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щӏыналъэ къудамэм зэрыдэлажьэм. 2022 гъэм и шыщхьэуӏу мазэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ, Щӏалэгъуалэ ӏуэхухэмкӏэ и министерствэхэм даӏыгъри, республикэм щекӏуэкӏащ щӏыналъэм щыпсэухэри КИФЩӏ-м и хэгъэгухэм къикӏахэри зыхэта, «Street Workout» спорт лӏэужьыгъуэмкӏэ Япэ чемпионат зэӏуха.

Щӏалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, дзэ къулыкъум хуэгъэхьэзырыным хуэунэтӏауэ Урысейм и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щӏыгъуу «АрМИ», «Зарница» дзэ-спорт зэхьэзэхуэхэр щӏэх-щӏэхыурэ къызэрагъэпэщ.

2023 гъэм ирагъэкӏуэкӏыну я мурадщ «уэрам» щэнхабзэм и фестиваль, къыщызэдэжэ марафонхэр, картингымкӏэ, нэгъуэщӏ спорт лӏэужьыгъуэхэмкӏэ республикэ чемпионатхэр.

Зэӏущӏэм къыщаӏэтащ спорт ӏуэхущӏапӏэхэр зыхуей-зыхуэфӏкӏэ къызэрызэгъэпэщам, гъэсэныгъэмкӏэ къагъэсэбэп ӏэмалхэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ и министерствэмрэ тренерхэмрэ зэрызэдэлэжьэнум, Олимп джэгухэм щыхуагъэхьэзыр еджапӏэ щӏыналъэм къыщызэӏухынымкӏэ щыӏэ хэкӏыпӏэхэм, спортым и лэжьакӏуэхэм я ӏэзагъэм хэгъэхъуэным, нэгъуэщӏ ӏуэхугъуэхэми теухуа упщӏэхэр.

Зэӏущӏэм кърикӏуам ипкъ иткӏэ, депутатхэм ягъэбелджылащ зытепсэлъыхьа ӏуэхухэр зи къалэн ӏэнатӏэхэм гулъытэ зыхуащӏыпхъэ лэжьыгъэхэр.

«Урысейм и Тхакӏуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щӏыналъэ къудамэм и правленэм хэтхэр хуощыгъуэ **Нэгъуей Радимэ Хъусен и пхъум** и анэ **Архэст Сухьэд (Лидэ) Хьид и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкӏыу.

# Анэдэлъхубзэр – иджырей лъэхъэнэм: щытыкIэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

● Лъэпкъ Iуэху

**ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиемрэ Адыгейм КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтымрэ зэгъусэу иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ V дунейпсо щIэныгъэ-методологие конференц. «Глобализацэм и лъэхъэнэм анэдэлъхубзэр хъумэн, зегъэужьын: иджырей Iэмалхэмрэ бгъэдыхьэкIэхэмрэ» зи фIэщыгъэцIэ зэхуэсым «Яндекс.Телемост.» интернет Iэмалыр къагъэсэбэпу хэтащ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт школхэмрэ щезыгъаджэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, студентхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, журналистхэр.**

АДЫГЕЙМ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Абхъазым, Тыркум я лIыкIуэхэр зыхэта конференцыр иригъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и тхьэмадэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым сенатору щыIэ Къанокъуэ Арсен. Лъэпкъыбзэр хъума хъун щхьэкIэ, дунейм технологие зэмылIэужьыгъуэхэр къыщагъэсэбэп зэрыхъуам, IэщIагъэлIхэри абыхэм зэрыхуэкIуапхъэм тепсэлъыхьащ ар:

- Мы зэхуэсыр къыщIетхьэжьам и щхьэусыгъуэр ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэхэм 2022-2032 гъэхэр лъэпкъыбзэхэм я дунейпсо илъэсипщIу зэригъэуварщ. Ар ООН-м хэт къэралхэм ящыщу япэ дыдэу къадэзыщтэу Iуэхум иужь япэу ихьахэм язщ Урысей Федерацэр. Псоми зэрытщIэщи, лъэпкъым и бзэр – щIэныгъэм, акъылым, Iущагъым и къежьапIэщ, псэкупсэ къулеигъэщ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэщ. Урыс егъэджакIуэ цIэрыIуэ Ушинский Константин зэрыжиIащи: «Бзэр лъэпкъым Iурылъыху, лъэпкъри псэунущ». Абы къыхэкIкIэ, дэ ди къалэнщ ди бзэр тхъумэну, дрипсэлъэну, дджыну, едгъэфIэкIуэну, къыдэкIуэтей щIэблэм яIурытлъхьэну.

Конференцым и мыхьэнэ нэхъыщхьэу къэслъытэр ди лъэпкъыбзэр егъэджыным иджырей Iэмал псори ехьэлIэн зэрыхуейр гъэбелджылыныршщ, а Iуэхум дунейпсо утыку щелэжьынырщ, ди бзэмрэ нэгъуэщIыбзэхэмрэ къызэдекIуэкIыфу щыгъэтынырщ, - жиIащ ЩIДАА-м и тхьэмадэм.

АдэкIэ зэIущIэм хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ ЩIДАА-м и тхьэмадэм и къуэдзэ, АР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и унафэщI ЛIэужь Iэдэм.

Лъэпкъ мащIэхэм я бзэр яхъумэжыным ират мыхьэнэр, хэгъэгу, къэрал щхьэхуэхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм зэрыдунейуэ кIэлъыплъ зэрыхъуар, къэралыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт инхэм а Iуэхум теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм гулъытэ хуэщIын зэрыхуейр къыхигъэщащ ЛIэужьым. Иджы етхуанэу ЩIДАА-м зэхишэ конференцым IуэхуфI къыпэкIуэну, ягъэнэхуэну пщэрылъхэр гъащIэм хапщэфыну ехъуэхъуащ ар зэIущIэм хэтхэм.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор анэдэлъхубзэр хъума хъуныр бзэщIэныгъэлIхэм я къалэн къудей мыхъуу, адыгэм и лъэпкъыпсэу зэрыщытыр, абы зэрепхар къыхигъэщащ. «Лъэпкъыр щызыгъэIэр и анэдэлъхубзэращ. Ар зыфIэкIуэд лъэпкъым сыт хуэдэу зэрызихъумэжынур, и щэнхабзэр, хабзэр зэрызэрихьэнур? Сыт къыхуэнэжынур? Дунейм тет цIыхухэм яхэгъуэщэжынуракъэ? Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ щIэблэм бзэр егъэщIэн хуейщ. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ тхылъыщIэхэр куэд мыщIэу къыдэдгъэкIынущ икIи бзэр зыхъумэну Iуэхуу дубзыхуахэм махуэ къэси иужь дитщ», - жиIащ Езауэ Анзор.

Адыгэ Республикэм щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Лебедев Евгений псалъэ щратым жиIащ лъэпкъыбзэр, щэнхабзэр, тхыдэр, щIэныгъэр зыхъумэн хуейуэ псом япэ зи пщэ къыдэхуэр лъэпкъым щыщ цIыхур зэрыарар, абы къыхэкIкIэ, хэти и анэдэлъхубзэр хъума хъуным иужь зэритыпхъэр.

Адыгейм къэралыбзэу къыщалъытэ адыгэбзэм зрагъэужьын папщIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщызэфIахыр жиIащ къэпсалъэм. «Министерствэм иригъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, курыт еджапIэхэм щеджэ сабий мин 18-м анэдэлъхубзэу адыгэбзэр щрагъэдж. КъищынэмыщIауэ, Адыгэбзэр хъумэнымкIэ зегъэужьынымкIэ проектнэ офис Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ къэрал институтым щолажьэ, 2021 гъэм зэрырагъэджэ тхылъхэр зэхэгъэувэнымкIэ щыIа зэпеуэм хэтри, республикэм абы тригъэкIуэдэну мылъкур къыхуаутIыпщащ, тхылъхэр къыдагъэкI», - къыхигъэщащ Лебедев Евгений.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Кравченкэ Иннэ къыхигъэбелджылыкIащ къэралым ис лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэр хъумэныр Урысейм и хабзэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. «АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэу КъШР-м щекIуэкIынум конференцым хэтхэр иригъэблэгъащ. «Апхуэдэ зэпеуэхэр, Iуэхугъуэхэр бзэм зыкъегъэIэтыжыным сэбэп хуохъу, и мыхьэнэр еIэт, къару кърет», - жиIащ къулыкъущIэм.

Гулия Д. и цIэр зезыхьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Абхъаз институтым и унафэщI Ашубэ Ардэ къызэрыхигъэщамкIэ, бзэр - цIыхубэм я зэхуаку дэлъ лъэмыжщ икIи псынщIэу зызыхъуэж зэманым бзэр хъума хъунымкIэ телажьэ псоми лъэпкъым зрагъэужьу, ипэкIэ ягъэкIуатэу зэрыарар дыщIигъуащ.

Апхуэдэ онлайн-пэублэ зэIущIэм иужькIэ V дунейпсо щIэныгъэ-методологие конференцым махуищым къриубыдэу гупитху щылэжьащ: глобализацэм и лъэхъэнэм лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэр хъумэным пыщIа гугъуехьхэр; лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэр джыным иджырей технологиехэмрэ Iэмалхэмрэ къызэрыщагъэсэбэпыр; бзэр нэхъыфIу яджын папщIэ IэмалыщIэхэр еджапIэхэм къызэрыщагъэсэбэпыр; иджырей егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм лъэпкъ щэнхабзэм хуащI гулъытэр; лингвистикэ этнографие, литературэ, IуэрыIуатэ: хабзэмрэ иджырей щытыкIэмрэ.

Махуищым къриубыдэу ЩIДАА-м Адыгэ Республикэм щригъэкIуэкIа конференцым хэтащ цIыху 80-м щIигъу.

**ШЫПШ Даянэ.**



# Къайсэр адыгэбзэ щадж

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

**Адыгэбзэр ди къэралым и хэгъэгу зыбжанэм къэралыбзэу къызэрыщалъытэм нэмыщIкIэ, дунейпсо мыхьэнэ иIэу жыпIэ хъунущ ар нэгъуэщI къэралхэм я курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ зэрыщрагъэджыр къэплъытэмэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, анэдэлъхубзэр щадж Тыркум и къалитIым - Къайсэррэ Дюзджэрэ. Иджыблагъэ ди газетым тетащ Къайсэр дэт Эрджиес университетым Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмкIэ и кафедрэм щылажьэ ди лъахэгъу, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент Инчы Иринэ «Адыгэ псалъэм» кърита интервьюр. Абы и гъусэу Эрджиес университетым щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу иджыри зы адыгэ бзылъхугъэ. Ар бзэщIэныгъэхэмкIэ кандидат Къумыкъу Маринэщ.**

**Мыбыхэм ящIэмрэ ялэжьымрэ апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщи, махуэ къэс уатепсэлъыхьынуи уатетхыхьынуи къалэжь. Ирини Марини ди республикэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ, егъэджэныгъэ Iуэхум иужь иту, иджы а лэжьыгъэр тIукIэ нэхъ гъэбэгъуауэ Тыркум щыхэхэс адыгэхэм я деж щрахьэкI. Си гуапэу фыщызгъэгъуэзэну сыхуейщ Къумыкъу Маринэ и IуэхущIафэхэм.**

МАРИНЭ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэр абы къыщиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Ар ехъулIэныгъэ иIэу къиуха нэужь, аспирантурэм и щIэныгъэр щыхигъэхъуащ. Балэ Иринэ и щIэныгъэ унафэщIу фразеологиемкIэ и кандидат лэжьыгъэр игъэхьэзырри, 2006 гъэм пхигъэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ФилологиемкIэ и институтым и заочнэ къудамэм методисту илъэси 10-кIэ, Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм егъэджакIуэ нэхъыщхьэу илъэси 4-кIэ щылэжьащ. «Университетым сыщеджэху, егъэджакIуэ сыхъуну мурад лъэпкъ сиIакъым, - игу къегъэкIыж Маринэ. - Журналистикэр сэркIэ нэхъыфIу згъэуват, егъэджакIуэу сылэжьэфыну къысщыхъуртэкъым, IэщIагъэ гугъуу къэслъытэрти. Ауэ етхуанэ курсым сыщIэсу Кэнжэ практикэ сагъакIуэу Балэ Людмилэ сыпэщIэхуа нэужь, си Iуэху еплъыкIэм занщIэу зихъуэжащ. Людмилэ сабийхэм яхуиIэ лъагъуныгъэр, адыгэбзэр еджакIуэхэм яIурилъхьэн папщIэ и псэр, и къарур зэрыхилъхьэр щыслъагъум, ар куэду си псэм хэпщIа хъуат».

Апхуэдэу а IэщIагъэм и лъагъуэм техьа Маринэ иджы езыр щапхъэ зытрах егъэджакIуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщылажьэм абы къигъэлъэгъуащ къыхиха IэщIагъэм зэрыхуэIэзэри, зэрыхуэпэжри, и щIэныгъэмкIэ нэгъуэщIхэм ядэгуэшэну сыт щыгъуи зэрыхьэзырри. Хэкум щрихьэкIа лэжьыгъэр кууми, иджы Тыркум и еджапIэ нэхъыщхьэм щиIэ къалэныр куэдкIэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

- Лъэпкъыбзэр щымыIэжмэ, езы лъэпкъри кIуэдыжа пэлъытэщ. Псом хуэмыдэу хамэ щIыпIэм щыгугъуэщ уи бзэр щыпхъумэжыныр, - жеIэ Маринэ. - Адыгэ лъэпкъыр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу Тырку къэралыгъуэм, зэрытщIэщи, я анэдэлъхубзэр илъэс куэдкIэ щрагъэджакъым, апхуэдэ хуитыныгъэ яIакъым. Абы къыхэкIыу, адыгэбзэр кIуэдыжын гъуэгум хуэмурэ теуват. Ауэ 2018 гъэм Къайсэр къалэм дэт Эрджиес университетым Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмкIэ къудамэ къыщызэIуахащ. Мы къудамэр адыгэбзэр къызэтегъэнэнымкIэ гугъапIэ инщ, гуфIэгъуэшхуэщ мыр зэрыщыIэр. Университетым дыкъыщрагъэблэгъа дыдэм еджакIуэ иджыри диIэтэкъым. 2018 гъэм и пэм лэжьэн щIэддзащ. ЯпэщIыкIэ урысыбзэмкIэ къудамэм дерсхэр щедгъэкIуэкIащ, Эрджиес университетым зэрыщрагъаджэ щIыкIэм зыщыдгъэгъуэзащ.

«2022-2023 гъэ еджэгъуэм ди къудамэм цIыху 30 къыщIэтIысхьащ. Мыбыхэм яхэтщ адыгэ ныбжьыщIэхэри, Тыркум щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIаи. ЕджакIуэхэм я нэхъыбэм бзэр зэрамыщIэм къыхэкIыу, адыгэбзэр алыфбейм щыщIэдзауэ идогъэдж. Студентхэм урысыбзэ дерсхэри ядот, етIуанэ курсым къыщыщIэдзауэ. Дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щIэщыгъуэу хэлъыр, хэкум щекIуэкI методикэм къызэрыщхьэщыкIыр мыращ: япэщIыкIэ, ди еджакIуэхэм кирилл хьэрфхэр адыгэбзэ алыфбеймкIэ зрагъащIэри, итIанэ ар я тегъэщIапIэу урысыбзэ алыфбейри ядж. Еджэныр, псэлъэнымрэ едэIуэнымрэ, тхэныр - мы дерсхэр зэкIэщIэпч хъунукъым. Абы къыхэкIыу, Инчы Иринэрэ сэрэ зэпыщIауэ дызэдолажьэ. Япэ курсым щIэсхэр сэ тхыгъэм хузогъаджэ. Адрейхэмкiэ Иринэ ядолажьэ. Бзэр нэхъ тыншу къагурыдгъэIуэн, тхыбзэм еджакIуэхэр гугъу демыхьын папщIэ тлъэкI къэдгъанэркъым», - жеIэ Маринэ.

Хамэ къэралым адыгэбзэр щегъэджын IуэхущIэм пэрыува ди хэкуэгъу егъэджакIуэхэм япэ курсым щIэсхэм адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъ езыхэм ягъэхьэзырыжащ. Абы нэмыщIкIэ, литературэ дерсхэм папщIэ зы тхылъ къыдагъэкIыну я мурадщ. «Литературэр псори зэрытхар адыгэбзэщ, бзэр зымыщIэ еджакIуэхэм щхьэкIэ куэд тыркубзэкIэ зэдзэкIын хуей мэхъури, абыкIэ дэ сэбэп къытхуэхъуащ еплIанэ курсым щIэс ди еджакIуэ нэхъ пажэ дыдэхэм ящыщ Мэлыхъуэ Джихьэт. Джихьэт 2-3-нэ курсым зэрыщедгъаджэ литературэ дерсхэр тыркубзэкIэ тхузэридзэкIащ, ахэр зэхуихьэсыжри, диплом лэжьыгъэ ищIыжащ. Иринэ, Джихьэт, сэ ди мурадщ методикэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэхэр етпхыжу, зэрырагъаджэ тхыль щхьэхуэу къыдэдгъэкIыну, - жеIэ Маринэ.

«Бзэр тIэщIэкI хъунукъым, ар ди щIэблэм яIурытлъхьэн хуейщ. Адыгэу зызылъытэж дэтхэнэми ищIэну и къалэнщ адыгэбзэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар и анэм къыIурилъхьа бзэщ, и лъым хэтщ, и анэдэлъхубзэщ», - къыхегъэщ Маринэ и псалъэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**






**● ЖыIэгъуэхэр**

# КъэкIуэну зэманым зыхуэныкъуэр къегъэщIыж

**♦Бзэгузехьэр хэт сыт къыжьэдэкIын жиIэу пэплъэркъым: игу къихьэр ехь.**
**♦И нэ гупэкIэ жызмыIэн лъэпкъ и нэ щIыбагъкIэ жысIэркъым, - жызыIэри бзэгузехьэщ.**
**♦Псалъэр зэхамыхакIэ яIуэтэжын къагъанэрэ?**
**♦Хъунур езыр мэхъу жаIэми, зейм ещхьыжщ жаIэми къыпхуопсалъэ.**
**♦БлэкIа зэманри къэкIуэну зэманри ит зэманым щызэпхащ.**
**♦Гъатхэм пэплъэ, гъэмахуэм кIэлъыплъ, бжьыхьэм зыпплъыхьу ущымыс - щIымахуэр къыппоплъэ.**
**♦Дунейм щилэжьам нэхърэ нэхъыбэ хузэфIэкIыну щытауэ зи гугъэр къопцIэ.**
**♦ДяпэкIэ сэ Iущ сыхъунщ жызыIам зэIищIэжынуIащ.**
**♦Зэм дунейр тхурикъуркъым, зэм зыри дыхуеижкъым.**
**♦Зэман зи куэдыр цIыху кIуэдащ.**
**♦Зэманыр зэрыбгъэкIуэну щIыкIэм ухуитщ, ауэ къыпхузэтегъэувыIэркъым.**
**♦Зи нобэр мыщIагъуэжым и дыгъуасэр къыдрегъэжей.**
**♦ЗызыдебгъэкIунури Iумпэм пщIынури пщIэжын хуейщ: апхуэдэщ зэманри.**
**♦КъэкIуэну зэманым зыхуэныкъуэр къегъэщIыж.**
**♦КъуэкIыпIэмкIэ пшэкIэплъ къищIу хуежьамэ, жэщ вагъуэхэр фагъуэ хъунущ.**
**♦ЛIы закъуэ лъагъуэм гъуэгум ухуимышэмэ, щIым и пцIанапIэм укърензэ.**
**♦Нобэр дыгъуасэмрэ пщэдеймрэ я зэхуэдитIщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

**● Шхыныгъуэхэр**

## ДжэдыкIэжьапхъэ, кIэртIоф щIэлъу



КIэртIоф укъэбзар г 5 - 6 хъу зэпэплIимэ цIыкIуурэ яупщIатэ, шыгъу хадзэри, дакъикъи 3 - 4-кIэ щагъэт. Бжьыныхури яукъэбзри, IупщIэ цIыкIуурэ яупщIатэ. АдэкIэ джэдыкIэр яудэри, шыгъу хадзэ. ИтIанэ тебэм тхъу иралъхьэ, къагъэплъ, абы кIэртIоф упщIэта гъэжэпхъар хакIутэри, зэIащIэурэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Абы бжьыныхур халъхьэри, зы дакъикъэ хуэдизкIэ трагъэт, итIанэ шыбжий хадзэ, зэрызэIащIэм хуэдэурэ, джэдыкIэ удар хакIэри, и щхьэр трапIэж.

МафIэр ешэхауэ дакъикъэ зытIущкIэ ягъажьэ, и лъабжьэр тхъуэплъ хъухукIэ. Тебэм зэрилъу IупщIищ-плIыуэ зэпаупщI, зэрагъэдзэкI, тебащхьэр трапIэжри, аргуэру зы дакъикъэ хуэдизкIэ ягъажьэ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. Дашх пIастэ, щIакхъуэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** джэдыкIэу - 2, кIэртIофу - г 80, бжьыныхуу - г 15, тхъууэ - г 40, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

### Балыджэ зэхэупщIэта

Балыджэ ятхьэщIар сэкIэ яупщIатэ хъурей цIыкIуурэ е IупщIэурэ, абы шыгъу, бжьын цIынэ зэпыгъэлъэлъа халъхьэ, шатэ щIакIэри зэIащIэж. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, пIинэу тепщэч цIыкIум иралъхьэ. ЩIакхъуэ, лэкъум, кIэртIоф гъэва, кIэртIоф пIастэ, чыржын дашх.

Адыгэхэм япэм балыджэ фIыцIэр яшхырейуэ щытащ. Ар сырщ, зыхуей хуэзэу бгъэтIылъмэ, щIымахуэ псом щылъынущ. Хуабжьу хущхъуэгъуэщ. ЩIыIэ зыхыхьахэм, зи тэмакъым Iупс бзаджэ телъхэм сэбэп яхуохъу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** балыджэу - г 200, шатэу - г 100, бжьын цIынэу - г 50, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.



КЪУБАТИЙ Борис.

**● Тхыгъэ кIэщI**

## МахъшитI

МахъшитI хъуакIуэрти, зым банэ тIэкIу кърихри, адрейм иритащ.

- Сэри сошх мы къызэптам хуэдэ дыдэ, си гъунэгъужь, - жиIащ банэр зратам.

- Хьэуэ, ар сэ уэстащи, нэхъ IэфI къыпщыхъун хуейщ, - жиIащ модрейм.

**ГУРУНЦ Леонид**, *ермэлы тхакIуэ.*
*ЗэзыдзэкIар* **КЪАГЪЫРМЭС Борисщ**.

**● Къэзанокъуэм и хъыбархэр**

## Джэд хъушэ хъужыну?

Хуэмыкъулей гуэрым зыпэмыплъа хьэщIэ гуп къытеуат. ХьэщIэр хьэзыр щхьэкIэ, бысымыр хьэзыр жыхуаIэрати, езыри хуэмыщIамэ, мо хьэщIэхэри бэлэрыгъауэ кърихьэлIамэ, сыт ищIэнт -гузэващ, и гъунэгъум деж ежэкIри елъэIуащ, морaщ-мыращ зыгуэр уиIэмэ, жиIэри.

- Мис мыр гъажьи егъэшх, къыщызэптыжыф къызэптыжынщ, - жиIэри, и гъунэгъум хьэзыру иIэр арауэ къыщIэкIынти, джэдыкIэ тIощI къритащ.

Ар зы махуэти кIуащ, етIуанэри кIуащ. Ауэрэ, джэдыкIэ щIыхуэр хуемытыжурэ, щыгъупщэжу илъэс дэкIа, нэхъыбэ дэкIа? ЩIыхуэ къэзыщтам щыгъупщэми, зытам щыгъупщэркъым - мо гъунэгъур къедауэу хуежьащ, джэдыкIэ тIощIым и пIэкIэ джэд хъушэ къритыжын хуейуэ къигъэуври.

- Сэ а джэдыкIэ тIощIыр сиIэжатэмэ, - жиIэрт мо бзаджэм, - ар джэдкъуртым щIэслъхьэнурэ джэджьей тIощI кърезгъэшынут, джэд тIощIыр бэгъуэжынурэ, хъушэ хъунут.

ХеящIэхэри абы и телъхьэ мэхъу.

Къэхъуар жылэм куэдрэ яхэIуэнт?! Iуэхур зыIутыр къыщащIэм, хэт зым и телъхьэ мэхъу, хэт адрейм къыщхьэщыжу мэпсалъэ. Къэзанокъуэ Жэбагъы щIалэ цIыкIуу джэгум хэту ар ягъэхъыбару зэхех.

- А джэдыкIэ тIощIым тращIыхьыр псэум ищIапхъэр лIам тралъхьам хуэдэщ, - жи абы.

Уэ жыпIэжа, сэ жысIэжа - унафэр зыщIахэми зытращIыхьами Жэбагъы и псалъэр зэхахыжащ. Абы жиIар апхуэдизкIэ щхьэрыгъажэ къащыхъуат нэхъыжьхэми, мурад ящI а щIалэ цIыкIур утыкум кърашэу апхуэдэу щIыжиIамкIэ еупщIыну. КъыщеупщIым, мыращ къажриIар:

- ДжэдыкIэ тIощIыр сытыт къыщIритар, джэдкъурт игъэгъуэлъхьэну арат сытми? Игъажьэу хьэщIэхэм яригъэшхын щхьэкIэтэкъэ, ар къезытами ищIэртэкъэ! АтIэ иджы, джэдыкIэ гъэжьар къуртым щIэплъхьэкIэ джэджьей кърищыну, ар джэд хъушэ хъужыну?

Арати, япэкIэ къащта унафэр яригъэкъутэжщ, тхьэмыщкIэм джэдыкIэ тIощIыр зэрытIощIу, чэми щIигъуи щымыIэу, иригъэпшыныжри, абыкIэ Iуэхур яухащ. Ар мыхъуатэмэ, мо къулейсызыр пщылIыпIэ дыдэ ихуэнкIэ хъунут, зэрыхуэмыпшыныжым къыхэкIкIэ.



# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хъуэжэ лIыщIэ ..., лIыщIакIуэ ежьэжащ. **4**. Пшэ темылъу ... щыIэкъым. **5**. Iуэху мыублэ блэ .... **7**. Ужьмэ, жьы хуэдэ щыти, ущIэмэ, щIэ хуэдэ .... **10**. Гъатхэ унэ ... **11**. ... егъэджакIуэ хъуркъым. **14**. Уи ... фIыуэ зылъагъум, уи щхьи фIыуэ елъагъу. **16**. ... зытI йохуэж. **17**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **18**. Псым хэлъ ... пэт зонтIэIу.

***Къехыу:*** **1**. Зыщытхъур къэгъани, яубыр ... **2**. Уи напщIэ ... тумылъхьэ. **3**. ШыIэ зиIэм насып ... **4**. ... и фэ къуаплъ. **6**. ... плъагъумэ - гъэмахуэщи, Iэтащхьэ плъагъумэ - щIымахуэщ. **8**. Гур кIуэдмэ, ... щIэкIкъым. **9**. ... - зыфI, мыхъумэ - фIитI. **12**. Уэсукхъуэр бзу ... къегъэхъей. **13**. ... и щIыб джатэ щагъэдалъэ. **15**. Чы ... къыумыгъэшыр бжэгъу хъумэ, къыпхуэгъэшыжыркъым.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Гъатхэпэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Егъу. **2**. Ауз. **4**. Къум. **8**. КъыпцIэ. **9**. КъуапцIэ. **11**. Емынэрэ. **12**. Бемырзэ. **17**. Елгъэр. **18**. Блашэ. **20**. Гъуо. **21**. Кхъулэ. **22**. Хур.
***Къехыу:*** **1**. Ерыщ. **3**. Уз. **5**. МацIэ. **6**. ПцIым. **7**. Даур. **10**. Инжыдж. **13**. Епэр. **14**. Залэ. **15**. Блэгъу. **16**. Пшэр. **19**. Къул.

# ХеящIэр зэрытекIар

Къэбэрдейм я хеящIэр, Уэрарэ дадэ, жьы дыдэ хъуат - илъэсищэм щIигъуат. Жьы хъуами, хеящIэм текIыртэкъым Уэрарэ дадэ. «ЗгъэукIытэнщи, згъэтIысыжынщ», - жери Жэбагъы Уэрарэ деж кIуащ.

- Уэрарэ, - жиIащ Жэбагъы, - зыгуэркIэ сыноупщIынущи, къикIыр къызжеIэ.

- Хъунщ, къызэупщI, - жиIащ Уэрарэ.

- ПщIыр - бзу, пщыкIутхур - чыцI, тIощIыр - дыгъужь, плIыщIыр - аслъэн, хыщIыр - вы, пщIейр - пэщащэ, щэр - джэдыкIэ. Сыт къипхрэ?

Егупсыса щхьэкIэ, Жэбагъы и псалъэр хузэхэхуакъым Уэрарэ.

- Абы къикIыращ, - жиIащ Жэбагъы. - ИлъэсипщI ныбжьым щитым деж цIыхур бзум хуэдэщи, золъатэ. Илъэс пщыкIутхум нэсамэ, чыцI къуейщIейм ещхьщ. Илъэс тIощI ирикъуамэ, дыгъужь хуэдэ, мэгушхуэ. Илъэс плIыщIым итыр, аслъэн хуэдэ, хахуэщ. Илъэс хыщI ирикъуар, вы хуэдэ, гуащIафIэщ, и акъыли ирикъуащ. Илъэс пщIейм нэсмэ, пэщащэ фIэкIа, ищIэжышхуэ щыIэкъым. Илъэсищэ ирикъуа цIыхур джэдыкIэ шкIумпIым хуэдэщ.

Уэрарэ дадэ илъэсищэм щIигъуати, хеящIэм текIащ:

- Жэбагъы захуэщ, - жери.



● Щэнхабзэ

# Яшэча хьэзабым и мыхъур зытелъхэр

**Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щатхэпэм и 27-м къыщызэIуахащ балъкъэр лъэпкъым и махуэщIым траухуа гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн. Абы утыку къыщрахьащ усакIуэ, тхакIуэ икIи сурэтыщI Сарбашев Азноррэ Къалмыкъ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI Дорджинов Викторрэ я лэжьыгъэхэр.**

ЗЭРЫСЫМАДЖЭМ къыхэкIыу зэIущIэм къримыхьэлIэфа Виктор и гугъу щищIым, Сарбашевым къыхигъэщащ: «Дорджиновымрэ сэрэ дызэныбжьэгъужьщ, ди Хэку зэрыдгъуэтыжари ди зэхуэдэ гуфIэгъуэщ. ЦIыхубэм дыхуэлэжьэну къару къытхэзылъхьэри нэхъыбэу аращ».

Мы Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIахэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьырт сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр, тхыдэм и напэкIуэцIхэм ухэзыгъаплъэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Нэр зэрагъэгуфIэм, псэр зэрыдахьэхым къыдэкIуэу, абыхэм яхэплъагъуэрт лъэпкъым ишэча хьэзабым и мыхъур зытелъхэри. Дауэ хъуми, сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэр гулъытэ къэзылэжь, дэтхэнэ зыри псалъэ гуапэ зыхуэфащэ защIэт...

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат** къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ къызэхуэса псоми. АпхуэдэуиабыжиIащБалъкъэрлъэпкъымикъэщIэрщIэжыныгъэм и махуэм ирагъэхьэлIа гъэлъэгъуэныгъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ псори зэрызришалIэр.

- Щэнхабзэрщ лъэпкъхэр зыхуумэнур, къэзыгъэлынур, - жиIащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, график цIэрыIуэ **Пащты Герман**. – Сарбашев Азнор и IэдакъэщIэкIхэр абы и зы щыхьэту мэув икIи я фIыгъэр цIыхубэм къилъытакIэщ: ягу зэрыдыхьэмкIэ, гъэлъэгъуэныгъэм щытлъагъухэм узэрызыIэпашэмкIэ.

СурэтыщIхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ гуапэу и гугъу ящIу, зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къаныкъуэ Жаннэ**, **Аттаев Жашарбэч**, **Додуев Аскэр**, **Мокаев Владимир** сымэ, апхуэдэуи Сарбашевым и ныбжьэгъухэмрэ и гуащIэм дихьэххэмрэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

# Адыгэ пщащэм и ехъулIэныгъэ



**Лос-Анджелес и Долби театрым, хабзэ зэрыхъуауэ, «Оскар» саугъэтыр щатащ. «Анимацэ фильм нэхъыфI» Iыхьэм а саугъэтыр къыщихьащ Тыркум хыхьэ Корум къалэм щыпсэу адыгэ унагъуэм къыщыхъуа Кайдере**

**Мерве, «Пиноккио Гильермо дель Торо» мультфильмым и анимацэ, сценографие лэжьыгъэхэм папщIэ.**

МЕРВЕ и адэр Тыркум хыхьэ Чорум-Сарайджыклы щыщ беслъэней адыгэщ, и анэр шапсыгъ адыгэщ. Мерве Хаджеттепе къэрал университетым архитектурэмрэ дизайнымкIэ и факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. 2015 гъэм пщащэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кIуащ, аспирантурэм и щIэныгъэм щыпищэну. Ар сценографистуи лэжьащ. Мерве зыхэта унэтIыныгъэм «Оскар» саугъэтым щыщIэкъуащ цIыхуитхум я лэжьыгъэ, ауэ пщащэм и анимацэр нэхъыфIу къалъытащ.

Ди лъэпкъэгъу пщащэм дыдогуфIэ, и зэфIэкIхэм хигъэхъуэнуи ди гуапэщ!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Iэпщэрызэуэ

# Нэхъ лъэщхэр Нарткъалэ щызэхагъэкI

**Ерчэн Темболэт и цIэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт спортымкIэ уардэунэм илъэс еханэ хъуауэ щокIуэкI армэ IэпщэрызауэмкIэ 115-нэ шуудзэм и республикэпсо фэеплъ зэхьэзэхуэ. Иджыблагъэ абы кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ куэдым къикIа ныбжьыщIэхэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щIидзэным ипэкIэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуагъэзащ ДОСААФ-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Мацыхъу Хъусен, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэт Абэнокъуэ Владимир, Нало Залым и цIэр зезыхьэ Техник ныбжьыщIэхэм я станцым и зауэ-хэкупсэ центрым и унафэщI Гулэжын Беслъэн КъБР-м Армэ IэпщэрызауэмкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Шэрджэс Заурбэч сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ щIэблэр узыншэу къэхъунымкIэ мыпхуэдэ зэпеуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи ныбжьыщIэхэр яхуэфащэу щытын зэрыхуейр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм.

Хьэлъагъ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ, я ныбжь елъытауэ, гуэшауэ зэхьэзэхуэхэр гуащIэу екIуэкIащ. Абыхэм щытекIуахэм фэеплъ кубокхэр, медалхэр, щытхъу тхылъхэр зыIэрагъэхьэм къищынэмыщIауэ, Iэмал ягъуэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм мыгувэу щыIэну зэпеуэм хэтыну.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и фэеплъу армэ IэпщэрызауэмкIэ екIуэкIа республикэпсо зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщыным я зэфIэкIрэ мылъкурэ хэзылъхьащ КъБР-м Армэ IэпщэрызауэмкIэ и федерацэм, Аруан районымрэ Къэхъун къуажэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм, Нало Залым и цIэр зезыхьэ Техник ныбжьыщIэхэм я станцым, Германием къулыкъу щызыщIахэм я зэгухьэныгъэм.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



● Спорт

# Дунейпсо зэпеуэм ирагъэблагъэ

**Орлов областым и Орёл къалэм щатхэпэм и 22 - 26 махуэхэм щекIуэкIащ сумоистхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр абы я зэфIэкI щеплъыжащ икIи къыхэжаныкIащ.**

УРЫСЕЙМ и щIыналъэ 20-м икIа спортсмен 400-м нэблагъэ хэтащ а чемпионатым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу абы хэтащ Шыбзыхъуэ Къантемыр, Джэдгъэф Инал, Тау Миленэ, Алборэ Ислъам сымэ. Шыбзыхъуэ Къантемыр дыщэ медалыр къихьащ, Джэдгъэф Иналрэ Тау Миленэрэ домбеякъыр къыхуагъэфэщащ, Алборэ Ислъам етхуанэ хъуащ. Чемпионатым и етIуанэ махуэм Тау Миленэ республикэм иджыри зы домбеякъ медаль къыхуихьащ. Ахэр зыгъэсэр Гъубж БетIал, Бэджыдэ Рустам, Кульчиев Тамерлан сымэщ. Чемпионатым щытекIуахэр Токио щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм ирагъэблэгъащ.

УФ-м СпортымкIэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одес фIыщIэ тхылъ Алборэ Ислъам къыхуигъэфэщащ, «Кубок содружества» дунейпсо чемпионатым пашэ зэрыщыхъуам, физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIым папщIэ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**




Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатымрэ хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.679 Заказыр №670

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А